Аннотаци
Нохчийн литературин программин лерина
10 – 11-чуй классашна.

Нохчийн литературин юкъарадешаран юккъерчу школана лерина программа хIоттийна Нохчийн Республикин юкъарадешаран школашна лериначу планан , юкъара дешаран коьрта юкъарадешаран пачхьалкхан программин бух т1ехь, Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан, коьрта юкъара дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартана бина хийцамаш, Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствос омрица ч1аг1бина болу 17-чу декабрехь 2010-чу ш. № 1897.
(т1ех1аг1дина Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствон омрица 31-чу декабрехь 2015-чу ш. № 1577) а, коьртачу дешаран программин бух т1е а тевжаш, С.Э.Эдиловн нохчийн литературин герггарчу хьесапехь йолчу программех пайда а оьцуш.

Программа лерина ю х1окху сахьтийн барамна:

Класс	Дешаран к1ира	сахьтийн барам к1ирнах	Дешаран шеран дерриге сахьташ
10 класс	34	2	68
11 класс	34	2	68

Программан тайпа: нохчийн литературан базови программа

Белхан программина кхачо йина дешаран –методически комплексаца:
1аматаш:

1 Уциев А.Х., Чираева Р.А «Нохчийн литература»: 1амат:11 класс:-Соьлжа-Г1ала: ГУП «Книжное издательство», 2011.

2. ТуркаевХь.В., Туркаева Р.А. «Нохчийн литература» : 1амат:11класс: :-Соьлжа-Г1ала: ГУП «Книжное издательство», 2014.

3.Арсанукаев 1.М., Эжаев У.Х. « Нохчийн литература» :1амат:10 класс:-Соьлжа-Г1ала:
ГУП «Книжное издательство», 2015.

2) механлин-некъ бовзаран (ориентацин) декъехь:

-нохчийн литературин синъоьздангаллин механлашка кхачор, шен къоман синъоьздангаллин механлашца уьш юстар;

- нохчийн литературин произведенех лаьцна шена хетарг цхьана кепе дерзо хаар, церан мах хадор;

-Іамийначу произведенех лаьцна шен кхетам хилар;

-авторна хетачух кхетар, цунах лаьцна шена хетарг ала хаар;

3) коммуникативни декъехь:

-тайп-тайпанчу жанрийн литературни произведенеш нохчийн маттахь лерсица а, цхьанатайпанара а тІеэцар, кхеташ ешар;

-текст тІера цитаташ а ялош, меттан исбаьхьаллин гІирсех пайдаэцарца прозаически произведенеш я церан дакъош юхасхьадийца хаар; ладоьгІначу я ешначу текстан хьокъехъ хаттаршна жоьпаш далар; барта монологически къамелан тайп-тайпана аларш кхоллар; шеца къамел деш волчуьнца оьздангаллин барамаш ларбеш, гІиллакхехь диалог дІаяхьар;

-Іамийначу произведенийн тематикица а, проблематикица а йоьзна изложенеш, сочиненеш язъяр, цІахь а, классехь а йозанан белхаш кхочушбар, юкъара культурин а, литературни а теманашна рефераташ язъяр;

4) эстетически декъехь:

-дешан исбаьхьаллех (искусствох) санна литературах кхетар, эстетически кепара нохчийн литературин произведенеш тІеэцар; нохчийн исбаьхьаллин тексташ тІехь исбаьхьаллин (эстетически) чам кхиор;

- эстетически гІуллакхдарехь нохчийн дашах, литературни произведенийн васташ кхуллуш меттан суртхІотторан исбаьхьаллин гІирсаша дІалоцучу меттигах кхетар;

-меттан дІахІоттаман а, нохчийн, оьрсийн литературин вастийн системийн башхаллашца а доьзна нохчийн а, оьрсийн литературин произведенеш вовшашца юста хаар.

«Литература» предмет Іаморан жамІаш

Коьртачу юкъарадешаран школа чекхйоккхучуьнгахь «Литература» предмет Іамош кхио деза **личностни жамІаш** ду:

-шен къоман векал а, дукхакъаьмнийн Российски пачхьалкхан гражданин а ша хиларх кхеташ хилар;

-личностан синъоьздангаллин мехаллаш кхачаме ялор, дукхакъаьмнийн махке безам кхиор, нохчийн литературе (культуре), кхечу къаьмнийн культуре болу ларам кхиор;

-хІума довзаран а, коммуникативни а декхарш кхочушдарехь хаамийн тайп-тайпанчу хьастех пайда эцар (словараш, энциклопедеш, интернет-гІирсаш).

Коьртачу юкъарадешаран школехь предмет «Литература» Іаморан метапредметни жамІаш билгалдовлу:

-проблемех кхета а, гипотеза хьалха яккха а, коьчал структуре ерзо а, шена хетарг тІечІагІдеш делил дало а, барта а, йозанан а аларшкахь бахьанин - тІаьхьалонан уьйраш билгалъяха а, жамІаш кепе дерзо а хаарехь;

-ша гІуллакхдар вовшахтоха а, цуьнан мах хадо а, шена самукъане хета болу гуо къасто а хаар карадерзорехь;

-ша гІуллакхдеш юстаран, дуьхь-дуьхьал хІитторан кепех пайдаэцарехь;

-тайп-тайпанчу хаамийн хьасташца болх бан, уьш лаха, талла, ша гІуллакхдарехь царах пайдаэца хаарехь;

Коьртачу юкъарадешаран школа чекхйоккхучеран предметни жамІаш лаьтта:

1) **хІума довзаран декъехь**:

-барта кхолларалин а, тайп-тайпанчу муьрийн нохчийн литературин произведенийн коьртачу проблемех кхетам хилар; и проблемаш нийса цхьана кепе ерзо хьуьнар хилар;

-произведени а, иза язъяран муьран уьйрах кхетар, цу произведенийн бухехь йолу хенан йохаллехь йовр йоцу синъоьздангаллин мехаллаш а, церан тахана а маьІне хилар билгалдаккхар;

-литературни произведенина таллам бан хаар: хІокху я оцу литературни родан а, жанран а произведени иза хилар билгалдан хаар; темех, идейх кхета а, кепе ерзо а, цуьнан синъоьздангаллин мехаллаш, турпалхойн амалш билгалъяхар, цхьана я масех произведенийн турпалхой буста, нохчийн а, кхечу къаьмнийн а литературин произведенеш вовшашца юста;

- произведенехь сюжетан дакъош, дІахІоттам, меттан суртхІотторан гІирсаш къастор, чулацаман идейно-исбаьхьаллин агІонаш билгалъяхарехь цара дІалоцучу меттигах кхетар (филологически талламан кепаш);

-литературни произведени толлуш юьхьанцара (элементарни) литературоведчески терминологи евзаш хила езар;

Аннотаци
Нохчийн меттан программин лерина
10 – 11-чуй классашна.

Нохчийн меттан юкъарадешаран юккъерчу школана лерина программа хIоттийна Нохчийн Республикин юкъарадешаран школашна леринчу планан, Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан, коьрта юкъара дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартана бина хийцамаш, Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствос омрица ч1аг1бина болу 17-чу декабрехь 2010-чу ш. № 1897.

Т1еч1аг1дина Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствон омрица 31-чу декабрехь 2015-чу ш. № 1577) а, коьртачу дешаран программин бух т1е а тевжаш, С.Э.Эдиловн нохчийн меттан герггарчу хьесапехь йолчу программех пайда а оьцуш.

Программа лерина ю х1окху сахьтийн барамна:

класс	Дешаран к1ира	сахьтийн барам к1ирнах	Дешаран шеран дерриге сахьташ
10 класс	34	1	34
11 класс	34	1	34

Программан тайпа:нохчийн меттан базови программа

Белхан программин кхачо йина дешаран –методически комплексаца:

1аматаш:

Дешархошна:
1. Джамалханов З.Д., Чинхоева Т.Н. «Нохчийн мотт» 10-11-чуй классашна. Грозный ГУ «Книжное издательство» 2002 шо.

Хьехархочунна:
2. Джамалханов З.Д. , Мачигов М.Ю. «Нохчийн мотт» 1-ра дакъа. Педучилищан студенташна учебник. Грозный Нохч-Г1алг1айн книжни издательство 1985 шо.
3. Джамалханов З.Д., Хамидова З.Х. «Юккъерчу школийн лакхарчу классашкахь ненан мотт а, литература а хьехар» Грозный Нохч-Г1алг1айн книжни издательство 1972 шо.

4.Тимаев А. Д. «Х1инцалера нохчийн мотт» Лексикологи, фонетика, морфологи. Соьлжа-Г1ала 2011 шо.

Дешаран предмет Іаморан жамІаш

Нохчийн мотт 1амийначу дешархочуьнгахь хила деза хаарш:

10 класс
– нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гІирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар;
– нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гІуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дІалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;
– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дІакхехьарехь нохчийн маттах пайда эца кийча хилар;
– къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дІакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;
– шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт мехала гІирс хиларх кхеташ хилар.
– барта а, йозанан а хаамех цхьатера кхеташ хилар (Іалашонех, теманех, коьртачу а, тІебузучу а хаамех);
– тайп-тайпанчу хотІийн (стилан), жанрийн тексташ массо кепара ешар карадерзор;
– билгалбинчу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгІна я дІаешна текст юха схьайийца хаар;
– тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар.

11-г1а класс чекхъяьккхинчарна хаа дезарг

Нохчийн мотт 1амийначу дешархочуьнгахь хила деза х аарш:

– нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гІирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар;
– нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гІуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дІалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;
– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дІакхехьарехь нохчийн маттах пайда эца кийча хилар;
– къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дІакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

– шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт мехала гІирс хиларх кхеташ хилар.
– барта а, йозанан а хаамех цхьатера кхеташ хилар (Іалашонех, теманех, коьртачу а, тІебузучу а хаамех);
– тайп-тайпанчу хотІийн (стилан), жанрийн тексташ массо кепара ешар карадерзор;
– билгалбинчу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгІна я дІаешна текст юха схьайийца хаар;
– тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар;
– шенна хаарш лаха а, карадерзо а хаар;
– тайп-тайпанчу хаамийн хьостанашца, интернетан гІирсашца а цхьаьна, болх бан а, справочни литературех а пайда эца хаар;
– билгалйинчу темина коьчал схьахаржа а, иза цхьана къепе ерзо а хаар; таллам бан а, цхьаъ вукхуьнца юста а, схьагайта а, жамІаш дан а, юкъара маьІна даккха а, шена хетарг тІечІагІдеш, делил дало а хаар;
– оьрсийн мотт Іаморехь нохчийн маттах пайда эца хаар;
– ша дечу къамелан терго яран хаарш карадерзор;
– меттан башхаллех пайда эца хааар (нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературин урокашкахь).

Юккъера юкъарадешаран ишкол чекхъяьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза **предметни жамІаш:**

– базови кхетамаш караберзор: мотт а, къамел а, барта а, йозанан а къамел, диалог, монолог, къамел даран хьелаш, литературни меттан норманаш, текст, меттан система: фонетика, орфоэпи, лексика, фразеологи, дешан хІоттам, дошкхоллар, морфологи, синтаксис, орфографи, пунктуаци;
–нохчийнметтан коьрта меженаш а, церан билгалонаш а евзаш хилар, дешан, дешнийн цхьаьнакхетарийн, предложенийн тайп-тайпана таллам бан хаар;
– юкъаметтигаш а, хьелаш а тидаме а оьцуш, шен къамелехь нийса меттан дакъойх пайда эцар;
– нохчийн меттан фонетически, лексически системийн, грамматически дІахІоттаман коьрта башхаллаш евзаш хилар;
–нохчийн литературни меттан норманаш а, къамелан оьздангалла а евзаш хилар а, барта а, йозанан а аларех шен къамелехь пайда эца хаар;
–тайп-тайпанчу лингвистически а, ткъа иштта шинаметтан а словарех пайда эца хаар;
–тайп-тайпанчу жанрийн, хотІийн (стилан) тексташ юкъарчу чулацамах кхеташ еша хаар: исбаьхьаллин (стихаш, эшарш, дийцарш, романийн, повестийн дакъош), дешаран-Іилманан (1аматаш, хрестоматеш тІера тексташ), Іилманан-гІараевлла (шуьйра девзаш долчу журналаш тІера статьяш), публицистически (хроника, информационни хаам, комментари), гІуллакхан (анкеташ, тоьшаллаш и дІ. кх. а);

– лергана хазарехь юккъерчу барамехь (хьехархочун, телевиденин, радион дикторан къамел) бовзуьйтучу хаамах кхетар;
–юкъаметтигаш дІакхехьаран тайп-тайпана хьелаш тидаме а оьцуш, массо кепара жанрийн, хотІийн (стилан) тексташ кхоллар; къамел долоран юьхь шегахь а йолуш, Іер-дахаран, дешаран, социокультурни теманашна гІиллакхехь диалогаш дІаяхьа хаар;
–хаамийн хьостанах санна пайда эцарца текстаца болх бан а, текстан массо кепара анализ ян а, текстан хаамийн коьрта кепаш плане, тезисе, конспекте а юхакечъян хаар;
– текстан дакъош нохчийн маттера оьрсийн матте гочдар.